

Plan Aksè Lang DNREC



I. Apèsi

- a. DNREC asire endividi yo ki gen Konpetans Anglè Limite (Limited English Proficiency, "LEP", an Anglè) gen aksè siyifikatif a tout pwogram, sèvis, ak aktivite DNREC yo. Oryantasyon politik ki te pibliye pa Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini defini LEP kòm "endividi ki pa pale Anglè kòm lang matènèl yo epi ki gen kapasite limite pou li, ekri, pale, oubyen konprann Anglè."
- b. Plan aksè lang sa vize pou founi anplwaye DNREC resous ak yon pwotokòl pou entèaji ak endividi oubyen kominote ki idantifye kòm LEP. Se politik DNREC pou l bay asistans lang, kote nesosite yon kominote pou sèvis sipò lang idantifye atravè direktiv nan plan sa a, nan objektif pou otonomize kominote pou yo patisipe reyèlman nan pwogram, sèvis, oubyen aktivite DNREC yo.
- c. "Tradiksyon" refere ak ranplasman yon kominikasyon alekri soti nan yon lang pou ale nan yon lòt, oswa nan fòm alekri oubyen oral, epi "entèpretasyon" refere ak aksyon kote y ap tande yon dyalòg nan yon lang epi tradwi li oralman nan yon lòt lang. Nan toude kontèks yo, kominikasyon efikas se objektif la.
- d. "Dokiman vital" konsiste de papyè oubyen dokiman elektwonik ki esansyèl pou aksede a pwogram, aktivite, ak sèvis DNREC yo. Klasifikasyon yon dokiman kòm "vital" depann de enpòtans pwogram, enfòmasyon, rankont, oubyen sèvis ki enplike a, epi konsekans pou endividi LEP a si enfòmasyon an kesyon an pa founi nan fason kòrèk oubyen atan. DNREC ka detèmine li nesèsè pou tradwi sèlman enfòmasyon vital ki nan yon dokiman kote gen alafwa enfòmasyon ki vital ak ki pa vital; yo pa bezwen tradwi dokiman yo okonplè sofsi yo konsidere tout dokiman an kòm vital. DNREC ka kominike enfòmasyon nan dokiman vital yo atravè entèpretasyon oral oubyen tradiksyon alekri.

II. Idantifye Nesosite pou Sèvis Asistans Lang

- a. DNREC konsidere kat faktè swivan sa yo lè y ap detèmine resous aksè lang pou ofri lè y ap entèaji ak kominote LEP yo:
 - i. Kantite endividi LEP ki nan Delaware ki gen chans pou yo desèvi oubyen afekte pa pwogram, aktivite, oubyen sèvis DNREC yo.
 - ii. Frekans kote endividi LEP ka antre an kontak ak pwogram, aktivite oubyen sèvis DNREC yo.
 - iii. Nati ak enpòtans pwogram, aktivite, oubyen sèvis DNREC yo nan kominote LEP a; epi
 - iv. Resous ki disponib nan men DNREC ak depans total pou ofri asistans LEP.

- b. Estaf DNREC ka itilize [EJScreen](#): Ajans Pwoteksyon anviwònman Etazini an [Environmental Justice Screening and Mapping Tool \(Zouti Depistaj ak Lokalizasyon Jistis Anviwòmantal\)](#), [Limited English Neighborhoods data layer \(Kouch done Katye Anglè Limite\)](#) DNREC a, oubyen lòt resous pou detèmine ki kominote nan Delaware ki konsidere kòm LEP. DNREC pral itilize resous sa yo pou detèmine lang ki pi komen yo pale.
- c. Nan Delaware, pi gwo popilasyon ki pa pale Anglè a nan chak resansman dapre Biwo Resansman Etazini an ant 2017 a 2021 (ACS) epi dapre Depatman Edikasyon nan Eta Delaware se moun ki pale panyòl, ki reprezante 13% nan chak katye an mwayèn. Dezyèm pi gwo gwoup lang konpoze de moun ki pale kreyòl ayisyen ki reprezante apeprè 4%.
- d. Se yon founisè sètifye ekstèn ki pral ofri sèvis aksè lang. Si nesèsè, sèvis aksè lang ka ofri tou pa entèprèt benevòl. Nan fason endepandan, DNREC ka antreprann tou pwòp analiz demografik li sou yon baz pwojè-pa-pwojè epi tradwi dokiman vital.

III. Notifikasyon Disponibilite Sèvis Aksè Lang

- a. DNREC pral ofri notifikasyon bay endividi LEP k ap chache enfòmasyon sou pwogram, sèvis ak aktivite DNREC pou di yo sèvis asistans lang disponib gratis. Notifikasyon sa yo ka pran fòm, men yo pa limite a: afich an plizyè lang, siyaj, bwochi, paj rezo sosyo, fòmilè sou sitwèb DNREC a, oubyen tèks nan materyèl yo distribye bay piblik la.
 - i. Lyen ki afiche nan sitwèb DNREC a pral endike dokiman ka disponib pou w wè oubyen telechaje nan lang ki diferan de Anglè. Lè sa posib, tèks yo prezante pou lyen sa yo pral afiche an anglè, panyòl, ak kreyòl ayisyen.
 - ii. Notifikasyon Kont-Diskriminasyon DNREC a, ki gen lyen nan fen sitwèb li an epi ki disponib an anglè, panyòl, ak kreyòl ayisyen souliye DNREC pral ofri asistans tradiksyon gratis bay endividi LEP epi li gen enfòmasyon kontak pou kowòdonatè Non-Diskriminasyon DNREC a.
 - iii. Paj wèb Tit VI DNREC a, ki gen lyen nan pati anba sitwèb li a, deklare DNREC pral ofri sèvis tradiksyon oubyen entèpretasyon epi enkli yon adrès imel epi yon nimewo telefòn pou kontakte pou plis enfòmasyon.
- b. DNREC pral idantifye epi kenbe yon baz done espasyal resous pou kominote - "Kanpay Byen Kominote" - ki enkli pwen kontak, lokal rankont, ak tablo afichaj, pou pi byen adapte estrateji notifikasyon ak sansibilizasyon piblik li an nan kominote LEP yo.

IV. Seleksyon Sèvis Asistans Lang

- a.** DNREC pral ofri tradiksyon alekri pou dokiman vital chak fwa nesese sa a parèt jan sa detèmine nan Seksyon II, pi wo a, ansanm ak pou chak gwoup lang LEP ki kalifye ki konstitye pi piti nan oswa:
 - i.** 5% kominote afekte nan yon popilasyon; oubyen
 - ii.** Enkli 1000 moun anndan kominote a ki gen chans pou yo rankontre oubyen afekte pa pwojè, pwogram, oubyen aktivite a.
- b.** Pandan y ap itilize pi bon konesans ki disponib, DNREC pral detèmine kominote afekte a dapre nati enpak ki soti nan pwojè, pwogram oubyen aktivite a genyen sou popilasyon avwazinant lan.
- c.** Si gen mwens pase 50 moun nan yon gwoup lang ki koresponn ak 5% nan limit kominote ki afekte nan popilasyon an, DNREC pa pral tradwi dokiman vital, men li pral ofri notifikasyon alekri nan lang prensipal gwoup lang LEP a konsènan dwa yo pou resevwa tradiksyon alekri pou dokiman vital sa yo.
- d.** DNREC pral ofri tou sèvis entèprèt oral lè moun yo mande sa. Demann lan ka reyalize dirèkteman pa endividi oubyen kominote k ap mande entèprèt la, oubyen yon gwoup ekstèn nan non endividi oubyen kominote a. Sèvis entèpretasyon oral ka ofri pou entèaksyon ak endividi oubyen kominote LEP. Yo ka ofri tou sèvis entèprèt oral pou rankont piblik nan kominote LEP. Pou pi byen satisfè nesese endividi oubyen kominote LEP, estaf DNREC ka chache metòd adisyonèl oubyen altènatif pou ofri aksè itil bay popilasyon LEP, tankou itilizasyon entèprèt andirèk, anpesòn oubyen sèvis tradiksyon pa telefòn.
- e.** Estaf DNREC pral gen aksè, atravè entènèt, a sèvis tradiksyon ak entèprèt eta a anboche, epi pral gen aksè adisyonèlman a yon gid etap-pa-etap pou chache sèvis asistans lang lè sa nesese.
- f.** Anplis devwa afimatif DNREC a pou l ofri sèvis asistans lang jan sa dekri pi wo a, lè yon endividi mande sa, DNREC pral ofri entèprèt oral pou yon aplikasyon, asistans nan soumèt kòmantè piblik nan yon aplikasyon, oubyen entèprèt oral andirèk nan odyans piblik oubyen nan lòt evennman DNREC ap òganize.
 - i.** Demann pou entèprèt oral pou yon aplikasyon oubyen asistans nan soumèt yon kòmantè piblik dwe fèt pa pi ta pase 10 jou ouvrab anvan kloti peryòd pou fè kòmantè sou aplikasyon an.
 - ii.** Demann pou entèprèt oral andirèk dwe fèt pa pita pase dis (10) jou ouvrab anvan dat pou odyans, rankont, oubyen evennman kominote piblik DNREC ap òganize a.
 - iii.** DNREC ka, nan diskresyon li, elimine ekzijans delè dis (10) jou ouvrab la.

V. Fòmasyon Asistans Lang DNREC

- a. Estaf DNREC, ak yon aksan patikilye sou anplwaye ki gen chans pou yo rankontre ak endividi LEP, pral resevwa fòmasyon sou politik non-diskriminasyon DNREC yo ak pwosedi, sa enkli Plan Aksè Lang, ak sou obligasyon federal DNREC kòm pati nan fòmasyon estaf anyèl obligatwa DNREC a. Estaf ki nan fason regilye rankontre ak endividi LEP pral resevwa fòmasyon remiz a nivo ak opòtinite pou ofri opinyon sou plan Aksè Lang DNREC a.

VI. Kontwòl ak Evalye Sèvis Asistans Lang

- a. Nan kad efò pou kontwòl ak evaylasyon, DNREC pral nan fasyon peryodik evalye pwosedi li yo nan kesyon ofri sèvis aksè lang, pwogram fòmasyon ki ekziste deja, aktivite sansibilizasyon, ak done aksè lang pou aktyalize Plan Aksè Lang sa a. Kontwòl ak evalyasyon sa a ka enkli, men li pa limite a:
 - i. Obsève ak evalye entèaksyon ajans ak endividi LEP;
 - ii. Rete a jou konsènan done demografik kominote LEP ak nesosite yo lè yo peryodikman evalye done resansman ak angaje distri lekòl, kominote relijye, ak lòt resous lokal; epi
 - iii. Konsidere nouvo resous ki enkli finansman, kolaborasyon ak lòt ajans, resous imen, teknoloji emèjan, ak lòt mekanis pou asire aksè amelyore pou endividi LEP.
- b. Nan evalye efikasite Plan sa a ak nesosite pou mezi adisyonèl, DNREC pral evalye opinyon nan men estaf DNREC a ak piblik la, sa enkli endividi LEP yo. DNREC ka konsidere tou disponblite pwòp resous li yo, epi fason li ka delivre sèvis lang nan fason ki mwen chè oubyen pi efikas.
- c. Si sa nesèsè, DNREC pral aktyalize Plan Aksè Lang li an pou l reflekte nenpòt chanjman nan plan an epi pou asire li enpòtans ak kontwòl kalite pou sèvis aksè lang DNREC yo.

VII. Enfòmasyon Kontak

- a. Si w gen kesyon oubyen enkyetid oubyen nesosite espesifik konsènan tradiksyon dokiman, entèprèt pou lang oubyen lòt sèvis aksè kominikasyon, tanpri kontakte estaf swivan an:
 - i. Andrew Gainey
 - ii. Espesyalis Jistis Anviwònmantal
 - iii. 302-739-9487
 - iv. andrew.gainey@delaware.gov

- b. Se politik DNREC pou okenn moun, sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj oubyen andikap pa sibi eksklizyon nan patisipe nan, oubyen refize benefis nan, oubyen sijè a diskriminasyon nan kad okenn pwogram oubyen aktivite k ap resevwa asistans finansye federal, jan sa prezante nan Tit VI nan Lwa Dwa Sivil ane 1946 la, Lwa Restorasyon Dwa Sivil 1987 la, Lwa Reyabilitasyon 1973 la, ak lòt lwa ak ekzijans ki lye ak non-diskriminasyon. Yon moun, oubyen reprezantan otorize yon moun, ki kwè ke yo menm oubyen yon klas moun te ekskli pou patisipe nan, yo te refize yo benefis nan, oubyen sijè a diskriminasyon nan kad nenpòt pwogram oubyen aktivite DNREC sou baz ras, koulè, laj, orijin nasyonal, andikap, sèks, oubyen reprezay, ka depoze yon plent nan DNREC annakò ak pwosedi ki disponib isit la:

<https://documents.dnrec.delaware.gov/Admin/Environmental-Justice/Pwosedi-pou-Pote-Doleyans.pdf>